ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№108 (23.766) ● 2018 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 4, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Гуфіэгъуэ зэІущІэхэр

Дэрэжэгъуэм и махуэ

ФокІадэм и 1-м ди щІыналъэм щагъэлъэпІащ ЩІэныгъэм и махуэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэмрэ. А гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм хэтыну ди лъахэм къеблэгъащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ, Урысейм и ЛІыхъужь Матовников Александр.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ Матовников Александррэ пщэдджыжьым щыІащ Шэджэм къалэ дэт курыт еджапІэ №1-м. Гъэ еджэгъуэщІэм щыгуфІыкІыу къыІэхуэса еджакІуэхэм, егъэджакІуэхэм, адэ-анэхэм я дэрэжэгъуэр нэхъри языныкъуэ хьэщІэхэм.

ЕджапІэм и унафэщІ Бекъул Маритэ фІэхъус псалъэкІэ захуигъэзащ къэІуцІэм хэтахэм. Матовников Александр къыЗэхуэсахэм ехьэхъуащ икІи жиІащ фокІадэм и 1-м школакІуэ минхэр еджапІэм зэрекІуэлІжьыр, етІанэгъэ илъэсищэ иригъэкъуну Шэджэм курыт школми и бжэхэр гуапэу зэрызэІуихар.

- Нобэ мы еджапІэм къэкІуа ныбжьыщІэхэм щІэныгъэ ехьулІэныгъэхэр зиІэн, къэхутэныгъэ ехьажьхьэр зыщІын цІыху къаазэрыхэкІынум шэч къытесхьэркъым, - жиІащ Матовниковым. - Хэти дохутыр, инженер, дзэлІ, журналист хъунущ. Нэхъыщхьэр, сыт хуэдэ Іэщ1агъэ къыхэфхми, ди хэкІыжьуэм - Урысейм - и зыужьныныгъэм фыхуэзгъэжьэнырщ.

Матовников Александр курыт еджапІэм тыгъэ хуищІащ зы класс унэлъащІэрэ компьютеррэ. КІуэкІуэ Юрий къыщыпсалъэм жиІащ си сабий, къуэрылъхуфхъурылъху нобэ еджапІэм зыгъэкІуэжа псоми я насыпу къызэрилъытэр. «Сыт щхьэкІэ жылІэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэхэр я Іэнатіэм зи Іэщіагъэм хуэІззз, гурэ псэкІэ лэжьыгъэм пэрыт егъэджакІуэхэщ. Абыхэм сохъуэхъу шыІэныгъэрэ ехьулІэныгъэрэ яІэу гъэ еджэгъуэщІэр кърахьэлІэну», - къэпищащ КІуэкІуэм.

Школ пщІантІэм хьэщІэхэм щрагъэлъэгъуащ сабийхэм я къэрэкІэр, уэрэд жыІэкІэр икІи махуэшхэм ЩахилъхьэІ дэрэжэгъуэм зэІущІэр игъэдэхащ.

КІуэкІуэмрэ Матовниковымрэ нэгъуэщІ къулыкъуущІэхэр я гъусэу адэкІэ щыІащ Налшык къалэм и зыгъэпсэхупІэ ХьэпІэхъущокъуэм и жыг хадэм. Абы и лъэс гъагъуэ нэхъыщхьэм тет псыутхыр къаІэщІэрэщІэжри щІэуэм къыІэзІуахыжащ. Къалэдэс нэжэгужэхэр щІэзэхуэса утыкум концерт мыин щатащ сабийхэм икІи КІуэкІуэмрэ Матовниковымрэ я гъусэу псыр яутІыпщащ. Илъэс 70 нэблагъэ ипэ яуауа псыутхыр жы хъуат, и архитектурэ теплъэми зихъуэжат. Республикэм къыдэгъуэгурыкІуэ, ди цІыху мин бжыгъэхэм я сурэтхэм дахэу къинщ псыутхыр федеральнэ программэм щыщ лэжьыгъуэ къагъэщІэрэщІэжащ, и хъуреягъыр яГъэдэхащ. ХьэщІэхэмрэ къалэдэсхэмрэ кІуэцІрыкІащ аттракционхэр зэрыт парк кым. Абыи щыкуэдт цІыху нэфІэгуфІэхэр.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гуфіэгъуэ зэІущІэхэр

Телевиденэм и ІэмалыщІэхэр

Махуэшхуэм ирихьэлІэу къызэІуаха Іуэхущапіэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым бжыгъэм тещІыкІауэ лэжьэну и телевиденэм и Іуэхущапіэщіэр. Журналистхэм я гуфІэгъуэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Матовников Александррэ.

БАЛЪКЪЭРЫМ и уэрамым тет 6-нэ унэр ильэситІ хъуауэ зыхуей хуагъаззэ. Бадзэуэгъуэ маззэм къащэхуащ бжыгъэм тещІыхьа иджырей Іэмэпсымэщ1эхэр. Зыхуагъэуэвыжа пІалъэм къриубыдэу ахэр игъэуваш, япэ нэтынхэри къатащ. КъыжьІапхъэщ телевиденэм и нэтынхэр, хъыбарыщІэхэр зыгъэхьэзыр журналисту, редактору, режиссёру 130-р ильэс зыбжанэ хъуауэ Печатымкіэ унэм зэрыщІэсыр, я лэжьыгъэр псынщІэ къащызыщІын Іэмал гуэри ямыІэу.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Іэтащхьэмрэ хьэщІэмрэ, республикэм и кІулыкъущІэхэр ящІыгъуу щІыхьащ КъБР-м и телевиденэм и унэм. Нэтынхэр щытрах, щелэжьыж пэшхэр, павильон Іэхуитлъэхуитхэр, ахэр къызэрызэгъэпэща Іэмэпсымэщ1эхэр зрагъэлъэгъуащ. ГуфІэгъуэ защІэкІэ а псори къагъэсэбэпыну унафэщІхэр хэгъэрейхэм ехьэхъэхури, къапэплъэ цІыхухэм къахьхьэжащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къыштщэхъуэ щІэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етын

Мэлбахъуэ Борис Къазболэт и къуэм - Налшык къалэ округым курыт щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и «Лицей №2» кІэзонэ муниципальнэ Іуэхущапіэм и унафэщІым

Науранис Татьянэ Владимир и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и «Дыгъэпс къалэ» творчествэмкІэ сабий академие» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет Іуэхущапіэм щІэныгъэ гуэдзэнымкІэ и егъэджакІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм шыщхьэуІум и 13-м
№120-УГ

Къущхьэ І. ТІ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІамрэ илъэс куэдкІэ хьэлэлу зэрылэжьамрэ къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етын **Къущхьэ Іэмырхан ТІутІэ и къуэм**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм шыщхьэуІум и 13-м
№121-УГ

Алътуд Ю. Къ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЩІэныгъэм, егъэджэныгъэм я зыужьныныгъэм, ІэщіагъэлІхэр гъэхьэзырыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуищІам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етын **Алътуд Юрий Къамболэт и къуэм** - «Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкІэ федеральнэ къэрал бюджет егъэджэныгъэ Іуэхущапіэм и ректорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм шыщхьэуІум и 13-м
№122-УГ

Япэ уэзджынэр кърагъауэ

Налшык къалэм дэт курыт школ №5-м япэ классым сабий 200-м щІигъу фокІадэм и 1-м кІуащ.

ЩІЭНЫГЪЭМ и махуэм теухуауэ ирагъэкІуэкІа Іуэху дахэм зрагъэхьэлІат КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Шэнтыкъу Иринэ**, ЗыужьныныгъэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и унафэщІым и къуэдзэ **Кравцовэ ФатІимэ**, Сабий творчествэмкІэ «Дыгъэпс къалэ» академием и генеральнэ унафэщІым и къалэнэр зыгъэзащІэ **Іэрыпщ Мурат**.

Курыт еджапІэм и унафэщІ **Емуз Светланэ** ЩІэныгъэм и махуэмкІэ ехьэхъэуащ ящІэ классым КІуахэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ икІи къыхигъэщащ зи унафэщІ школым щІэтІысхьэм и бжыгъэм илъэс къэс зэрыхэхъуэр зэригуапэр. «НыбжьыщІэхэм я еджэгъуэ зэманыр гукъинэжу, гъэщІагъэуэ зэрагъэкІуэнум дыхуэщІэкъунущ, сохъуэхъу дэтхэнэми ехьулІэныгъэфІхэр къигъэлъэгъуэну!» - жиІащ Емузым.

- Си гуапэу сэри цІыкІухэм сехъуэхъуну сыхуейт ЩІэныгъэм и махуэмкІэ. ФокІадэм и 1-м школым ящэ щІэбакъуэ цІыкІухэм, шэч хэмылъу, мыбдеж щІэ куэд къыщыкІущІэнущ. Зыми и дежкІэ щэхуэкъым еджэгъуэ ильэсхэр псынщІэу зэрыблэлъэтыр. Ауэ а зэманым нэхъ гуимыхуж щыІэкъым, ящэ къэхутэныгъэхэм ущыхэтыр, ящэу узыІуущІэ ныбжьэгъухэр, уи ящэ егъэджакІуэхэр щызэбгъэцІыхур абы щыгъуэщи. ДяпэкІэ школыр фи етІуанэ унэщ. Фи къару фемыблэжмэ, ехьулІэныгъэшхуэхэр фиІэнущ, - яжриІащ ныбжьыщІэхэм Егоровэ Татьянэ.

ЦІыкІухэм чэнджэщ щхьэпэхэр зэрыщытыр. Къэпсэльъам цІыхухэр къыхуриджащ я диным фІыуэ зыщагъэгъуэзэну, абы итыр зэрыхуейм хуэдэу къагъэсэбэпу щІэпхъаджагъэ зылэжьхэм я гупсысэм димышэхьи папщІэ. Дин лэжьакІуэм Беслъэн курыт школым къыщыхъуа насыпыншагъэм хэкІуэдахэм щхьэкІэ дыуэ ищІа нэужь, цІыхухэр зы дакъикъэкІэ абыхэм яхуэщІагъащ.

Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ пэщІэтынымкІэ «Мир дому твоему» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Шыбзыхъуэ Сафудин** къыхигъэщащ Беслъэн къыщыхъуа гуэвэгъуэм хэкІуэда цІыху бжыгъэм къищынэмыщІа, укъызэриГъэзІэбжьыр абы щыгъуэм зэрахьа гущІэгъуншагъэм икІи ар зэи зэращымыгъупщэнур. «Апхуэдэ насыпыншагъэ афІэкІа къэмыхъун папщІэ, ди щІэблэм ди нэІэ къытекІ хъунукъым, тэмэму ар дгъэсэнымрэ тхъумэнымрэ ди япэ кьалэнщ», - жиІащ Шыбзыхъуэм. Абы щхьэхуэу фІыщІэ яхуищІащ я псэ емыблэжу цІыху гъащІэр зыхъумэхэм.

Пэкіум къыщыпсэльащ Налшык округым и благочиннэ **Бобылев Валентин**, «За единение» жылагъуэ Іуэхущапіэм и унафэщІ, «Сябры» лъэпкъ-щэнхабзэ центрым и унафэщІ **Сидорук Павел**, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩІалэгъуалэ советым и унафэщІ **Шэджэмокъуэ Оксанэ**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ещанэ курсым и студент **Созаев Елдар** сымэ.

Абы къыщыщта резолюцэм нэхъыщхьэу къыщагъэльэгъуар сыт хуэдэ Іэмалкіи Къэбэрдей-Балъкъэрым, къапщтэмэ Урысей псом, терроризм гупсысэм щыпэщІэтын зэрыхуейрщ.

ЩІалэгъуалэм Беслъэн къыщыхъуа насыпыншагъэм хэкІуэда цІыху бжыгъэм хуэдизым я фэеплъу шар хужь 334-рэ уафэм яутІыпщащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● ПэкІу

Шар хужь 334-рэ я фэеплъу

ФокІадэм и 3-р Урысейм щагъэуващ Терроризмэм пэщІэтынымкІэ щыІэкъуэуэ махуэр ещхащ. Фэеплъ махуэр ещхащ. 2004 гъэм и фокІадэм Осетие Ищхьэрэ - Аланием хыхьэ Беслъэн къалэм дэт курыт еджапІэ №1-м къыщыхъуауэ щыта гуэзвэгъуэм. Абы хэкІуэдат цІыху 334-рэ, І86-р - сабийт. Ахэр ягу къагъэкІыжу Налшык къалэм дэт Киноконцерт гъэпэгъуапІэм и гупэм деж пэкІу щрагъэкІуэкІащ, апхуэдэ щІэпхъаджагъэм земыгъэубгъуныр и лъабжьэу.

ЗЭІУЩІЭМ къекІуэлат а Іуэхур гурэ псэкІэ ноби зыхэзыщІэ жьыри щІэри.

Къыдэхуэсахэм захуигъэзащ КЪБР-м и ис мусылымэнхэм я дин Іуэхущапіэм и унафэщІым и къуэдзэ **Джэдгъэф Асльэн**. Абы жиІащ диным терроризмэр зэримыгъэзахуэр, исльамыр мамыригъэм и телъхьэу зэрыщытыр. Къэпсэльъам цІыхухэр къыхуриджащ я диным фІыуэ зыщагъэгъуэзэну, абы итыр зэрыхуейм хуэдэу къагъэсэбэпу щІэпхъаджагъэ зылэжьхэм я гупсысэм димышэхьи папщІэ. Дин лэжьакІуэм Беслъэн курыт школым къыщыхъуа насыпыншагъэм хэкІуэдарал университетым и ещанэ курсым и студент **Созаев Елдар** сымэ.

Абы къыщащта резолюцэм нэхъыщхьэу къыщагъэльэгъуар сыт хуэдэ Іэмалкіи Къэбэрдей-Балъкъэрым, къапщтэмэ Урысей псом, терроризм гупсысэм щыпэщІэтын зэрыхуейрщ.

ЩІалэгъуалэм Беслъэн къыщыхъуа насыпыншагъэм хэкІуэда цІыху бжыгъэм хуэдизым я фэеплъу шар хужь 334-рэ уафэм яутІыпщащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ухуэныгъэр йокІуэкІ

Белая Речкэ жылагъуэм щауху зи школ кІуэгъуэ нэмысахэм я еджапІэщІэ.

САБИЙУЭ 140-рэ зыщІэхуэну еджапІэр къатитІу зэтетщ. ЕтІуанэ къатым хэтынущ цІыкІухэм шэджагъуэ жей щрагъащІ, щагъэджэгу пэшхэр. И лъабжьэм щрагъаджэ пэшхэр, шхапІэ, жьыщІапІэ, зытІэщІыпІэ хуэдэхэр. Ухуэныгъэр 2018 гъэм и кІэм нэсыху зэфІахыну я мурадщи, жащ-махуэ ямыІэу йолэжь. Мы Іуэхущапіэр сыткІи зэманым декІухэм ящыщ хъунущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къуалэр ягъэдахэ

Шэджэм къалэр зэІуэзэпщ щІыным теухуауэ ягъэбелджылэ Іуэхухэм йолэжь.

ИЛЪЭСИПІЛІЫМ ирибыдзэу ящІэн хуейхэм ящыщщ «ТекІуэныгъэм и паркыр» иджырей мардэхэм тету зыхуей хуэгъэзэныр. Метр зэбгъуэзнатІэ мини 7-м нэблагъэ зыубыд а щІыпІэр илъэс къэси ягъэдахэ: ТекІуэныгъэм и фокІадэм и Іэгъуэблагъэр, лъэс зекІуапІэхэр къагъэщІэрэщІэжащ, жыгыщІэхэмрэ удз гъэгъахэмрэ къахэхъуащ, тетІысхьэпІэ екІуэр ягъэув. Шэджэм къалэм щыпсэуэхэм я зыгъэпсэхупІэ нэхъыщхьэр нобэ щыІэ парк нэхъ дахэхэм къакІэрымыхуу щыты-ным я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэмк.

Паркым къыдэкІуэу, унэ зэтету 8-м я бжэІупэхэр зэІуэпэщ ящІынущ. Псом хуэмыдэу я нэІэ тетынущ сабий джэгупІэхэмрэ унэ щІыхьэпІэхэмрэ. Мы Іуэхухэм текІуэдэнущ сом мелуан 18-м нэс.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.



ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

2018 гъэм и етІуанэ ильэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм я Іэ тедзэгъуэр ихащ, ауэ дызыхуэкІуэ фокІадэ мазэм къыщыщІэдзауэ «Адыгэ псалъэм» кьытехуэ тхыгъэхэм фыкъеджэну фыхуеймэ, апхуэдэ Іэмал филэщ. Дызэрыт мазэм и 28 щІондэ пощтхэм Іэ щытевдзэмэ, ди газетыр ныфхуахьынущ жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ.

Мазищым газетым и уасэр сом 282-рэ кІэпІейкІэ 24-рэщ.

Ди индексыр 51531

Дэрэжэгъуэм и махуэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ пап.).

А махуэм къызэIуахырт зыпIэныхьыпIэ шэрхъыр. 1956 гъэм ягъэувауэ щытар жьы хъуати, метр 50-кIэ узыIэт, Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ Iыгъэ дыдэ и пIэ ирагъэувауэ. КIуэкIуэмрэ Матовниковымрэ япэу итIысхьэри, зрагъэлъэгъуауэ метр 50-кIэ удрихьеи нэужькIэ уи нэгу къыщIэувэ дахагъэхэр.

Студент гъащIэм пызыщIэну, щIэныгъэ ззэзыгъэгъэутыну зи нэ кьикI щIалэгъуалэми я IутIыжт а махуэм. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекIуэкI зэхъуэкIныгъэр зрагъэлъагъуну абыхэм яхьхьащ полномочнэ лIыкIуэмрэ республикэм и Iэтащхьэмрэ. Матовниковым щIалэгъуалэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ студентыгъуэ иуэсхэр гъащIэм и нэхъ IэфIыпIэу зэрыщытыр, щIэупщIэ зиIэну Iэщ1агъэ зэрызрагъэгъуэтым кьыдэкIуэу, конференцэхэм, щIэныгъэ зэхъыхьэхэм зэрыхэтыр гукъынэж икIи сабэп зэрыхъунур. «Фи щIэныгъэм, фи зэфIэкIым хэвгъахъуэурэ, екъулIэныгъэу фиIэнум и лъабжьэр зэрывгъэтIылъыр, Урысейм къару лъэщ фызэрыхуэхъур зыщцывмыгъэгъупщ», - жиIащ хьэщIэм. КIуэкIуэ Юрий дыщIигъуащ КъБКъУ-р УФ-м и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфIхэм хабжэу къызэрыгъэгурыкIуэр, абы зиужьынымкIэ республикэ унафэщIхэр дяпэкIи сабэп зэрыхъунур. «ЕхъулIэныгъэм и джэлэсыр уи къару кьихьыр пщIэжу упсэнырц. Си фIэщ мэхъу фэ фщыщ дэтхэнэ зыми езым и увыпIэ гъащIэм кьызэрыщIгъэтыжыфынур, и зэчиймрэ университетым къыщIихьа щIэныгъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ кьаэзрыхуигъэсэбэпынур», - жиIащ Iэтащхьэм.

КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий хьэщIэхэм защигъэлIыхьхьащ университетым, щIэуэ яухуахэмрэ кьагъэщIэрэщIаухэмрэ яригъэлъэгъуащ. Мы махуэм кьызэIуахащ Жылагъуэ жэрдэмхэмкIэ центрыр. Ар сабэп хъунущ КъБР-м и щIалэгъуалэм жылагъуэ, социальнэ, щIэныгъэ мыхьэнэ иIэу зэхалъхьэ проектхэр пхыгъэкIынымкIэ. Матовниковымрэ КIуэкIуэмрэ абы щIалэгъуалэм щахуэзащ икIи я упщIэхэм жэуап ирагащ. Иджырэ зы Iэхъугъуэ дахэм хэтащ къулыкъущIэхэр а махуэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ телевиденэм и студийнэ комплексыр кьызэIуахащ. Иджырей мардэхэм изагъэ телестудие зэхэтым лэжьэн щIидзащ, дяпэкIэ абы эфир занищIэкIэ кьыщатынущ адыгэ, балъкъэр, урыс нэтынхэр, хьыбарыщIэхэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Телевиденэм и IэмалыщIэхэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ пап.).

ЩIэныгъэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэм, Налшык къалэм я махуэхэмкIэ, апхуэдэуи республикэм и телевиденэм и унэщIэмкIэ псоми гуапэу ехъуэхъуащ Матовников Александр, зэпыу зимыIэ лэжьыгъэфI кьрахьэлIэну зэригуапэри кьыхигъэщащ.

- Ди телевиденэм бжыгъэхэр и лъабжьэу, зэманым лъэщIыхьэ дыдэу щымытами, тхьдэ кьулней иIэщ, ренэ публикэм къыщыхъу псоми набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъу къогъуэгурыкIуэ, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий. - Иджыпсту ди кьалэныр телевиденэм и лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ псоми щалъаГуныгъэр. Ар ди зэхуэдэ пщэрылъщи, зэрытхузэфIэкIынымэ шэч къытесхьэркъым. ФIыщIэ яхузощI Iэхуэщ1апIэр зыхуей хуэгъэззэным зи зэфIэкI езыхьэлIа псоми. Ар тыншу щытакъым, ауэ экономикэ щытыкIэ гугъум емылъытауэ, унэри зыхуей хуэдгъэззэкри Iэмэпсымэщ1эхэри зыIэрыдгъэхьащ. Си гуапэщ къэрал псор «ЭтIысхьэ мафIэгум» дыкъызэрыкIэрымыкхуар.

Iэтащхьэми къызэрыхигъэщащи, къыкIэльыкIуэ лъэбакъуэр мультиплекс пакетым ди телевиденэр хэгъэхуэнырщ, е «Триколор» , спутник телевиденэм канал щхьэхуэу хэувэу сыхьэт 24-кIэ нэтынхэр къату хъунырц. Иджы абы папщIэ Iэмал псори яIэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и Правительствэм

Зэпсэлъэныгъэ купщIафIэ

КъБР-м и Правительствэм зыщыкъэуIуэн и гугъу щащIащ ди республикэм зэхъэзэхуэм зыщегъэуЖьыныкIэ щыIэ зэнтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр зыхуэдэмрэ ахэр пхыгъэкIыныкIэ гъэззэщIапхъэу кьалъытэхэмрэ. Къыщ1эта Iэхуэм ехьэлIауэ зэхьыхьэм къыщыпсэльащ УФ-м и антимонопольнэ Iэнатlэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Доценкэ Алексей, республикэм и Премьер-министр Мусуков Алий, КъБР-м экономикэ зыуЖьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис, Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъуэ ди республикэм щиIэ щущагъэм и унафэщI Пщыншэ Къазбэч сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗЭIУЩIэм кърихьэлIахэр хэпльащ «Лэжьыгъэ Iэнатlэм зэпеуэм зыщегъэуЖьуэдиныкIэ къэрал политикэм и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэхэм я Iэхуэкlэ» фIэщыгъэр иIэу, УФ-м и Президентым 2017 гъэм дыгъэгъаззэм и 21-м къыдигъэкIа Унафэ №618-м щыуЖьыхуахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэззащIэ щIыкIэм.

- КъБР-м зэхьэзэхуэм зыщегъэуЖьыныкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр къыщыгъэлъэгъуа дэфтэрым, 2016 гъэм ягъэхьэзырам, зэхъуэжьныныгъэхэр хэлъхьапхъэщ. Ар гурыIуэгъуэ мэхъу, блэкIа лъэхъэнэм кьрикIуахэмрэ дяпэкIэ влэжьын хуейуэ къыфпэщылъхэмрэ зэпэтIылъа иужькIэ. ИтIани, къыхэзгъэщыну сыслуейт, зи гугъу тщIы Iуэхум теухуауэ, 2017 гъэм кьрикIуахэм дриплъэжмэ, ди къэралым и щIыналъэ псоми ящыщу КъБР-м етхуанэ увыпIэр къызэрихьар. А екъулIэныгъэр къыхэкIащ Iэнатlэ зэмылIужьныгъэхэм зэпеуэ зэпнэшэм зыщегъэубгъуныкIкI Iэмалыфlхэр фи республикэм кьызэрыщыбгъэсэбэпам, - жиIащ Доценкэ Алексей.

Производствэм, хьэрычэтым, зэрыщыту кьатщтэм, экономикэм, дакъузэныгъэ хэмыту, зэпеуэ зэпышэу къыщыззэгъэпэщыныкIэ федеральнэ хабзэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэзащIэм щхьэтечу и гугъу ищIащ Пщыншэ Къазбэч.

- Налог къыхэхыным екъулIауэ къэрал Iэнатlэхэм щылажьхэмэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щыуагъэхэр щалIэщIкI къохъу. Апхуэдэхэм набдзэгубдзаплъэу дакIэлъымыплъу хьуркъым. Мыдрейуэ, юридическэ е щхьэзакъуэ Iэхуэщ1апIэхэу федеральнэ хабзэм ебэкъуахэм, зэуэ демыпхъэшэкIыу, япэщIыкIэ хьыбар ядогъащIэ, ядэтлъэгъуа ныкъусаныгъэхэр ягъэззэкIуэжьи зэрыхуейм хуэгъэзауэ. Абы яужькIэщ, ди ущиер зыхэмызэгъахэр жэуап ткIийм щетшалIэр. А лъэныкъуэмкIэ дэ зыкъытущIагъакъуэ КъБР-м и прокуратурэмрэ следственнэ кIэлъыплъныгъэмкIэ Iэхуэщ1апIэмрэ я лэжьакIуэхэми.

Доценкэ Алексей зэIущIэм щIэсахэм фIыщIэ яхуищащ, кьалэта Iэхуэхэм щхьэтечу зэрытепсэльыхьам папщIэ, апхуэдэуи, КъБР-м и гъэззащIакIуэ властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я Iэнатlэхэр кьыхуриджащ я лэжьыгъэм нэхъри жэуаплыныгъэ пылъу бгъэдыхэн зэрыхуейм.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Спортсмен цIэрыIуэхэм Бахъсэн щаIуощIэ

Бахъсэн къалэ администрацэм и конференц-залым щаIущIащ дуней псом цIэрыIуэ щыхьуа спортсмен гъэззэджэхэм.

● Пресс-конференцхэр

Кърагъэблагъахэм яхэтт грэпплингымкIэ Урысей Федерацэм плIэнэйрэ и чемпион, джиу-джитсумкIэ дунейм тIэунейрэ щытекIуа, грэпплингымкIэ дунейпсо джэгухэм бжьыпэр щызыбыда Багъ Алий, грэпплингымкIэ Урысейм тIэунейрэ и чемпион, джиуджитсумкIэ къэралым щынэхъ лъэщ, самбэмкIэ спортым и мастер КIуэкIуэ Мухьэмэд, Урысей Федерацэмрэ Евразиемрэ IэпщэрызауэмкIэ я чемпион Хъыжьрокъуэ Валерэ, ММА-мкIэ Урысейм и кубокыр къэзыха, TECN-KREPFCprimeselection зэпеуэм щытекIуа КIэрэф Азэмэт, ММА-мкIэ тенджызэ фIыцIэм и кубокыр зыIэщIэлъ, самбэмкIэ къэралым и кубокым и саугъэтыр къэзыха, Ипщэ федеральнэ щIыналъэм и чемпион Мэш Ислъам сымэ. Абыхэм ящыщу плIыр Бахъсэн къалэм щыщщ икIи мы маазэм АСВ93-м хьыкъэ зэпеуэм ипкъ иткIэ Краснодар щызэуэну къапэщылъщ.

Зэхьэзэхуэ ин кьызыпэплъэ щIалэхэм я пресс-конференцыр кьызэригъэпэщащ Дыгулыбгъуэй кьуаажэм щылпсэу Къардэн Аслъэн. Абы кьырихьэжьа Iуэхур диIыгъащ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим икIи хуабжьу зыкъыщIигъэкъуащ.

Краснодар щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм хэтынухэм кьыщынэмыщIауэ, Бахъсэн кьэкIуат къэралым и спортсмен цIэрыIуэхэр. Я цIэ кьиIуапхъэщ Iэпщэрызауэ зэхэтым щыпашэ Харитонов Сергей, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ плIэнэйрэ дунейпсо чемпион Патрикеев Юрий, UFC-м щызауэ, «дыщэ Iэлъэр» зыхуагъэфэща Мырзэкъан Азэмэт. Зэ1ущIэм жыджэру хэтащ Къэрал Думэм и депутатым и дэIэпыкъуэгъу Беглецов Михаил.

Спортсмен цIэрыIуэхэр я нэкIэ зрагъэлъэгъуну, ядэуэршэрыну зыкърагъэхьэлIат щIыпIэм щыпсэухэм, блогерхэм, цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм къикIахэм.

ЗэIущIэм и пащIэдзэм кьызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ Мамхэгъ Хьэчим икIи хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищащ зэман къагъуэту Бахъсэн къаззрыхуеблэгъам кьыхэкIыу. Ар спортсменхэм ехъуэхъуащ мыгувэу къапэщылъ зэхьэзэхуэм пашэныгъэр кьыщахьыну.

Пресс-конференцыем упщIэ хьэлэмэт куэд щатащ. Абыхэм псоми жэуап пыухыкIа ягъуэтащ икIи кьызэхуэсахэр зэхуэарэзыуэ зэбгъэдэкIыжащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Мы махуэхэм

Фокiадэм и 4, *гъубж*

♦Тхэквондом и дунейпсо махуэщ
♦Урысейм и ядернэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ Iэщ1агъэлIым и махуэщ
♦Армением щагъэлъапIэ кьеГъэлакIуэм и махуэр
♦Молдовэ Республикэм и таможеннэ кьулыкъум и лэжьакIуэм и махуэщ
♦1781 гъэм Лос-Анджелес къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.
♦1888 гъэм Истман Джордж «Кодак» дамыгъэмрэ плёнкэ зэрыплъхьэ хъу сурэттехьмрэ я патент къратащ.
♦1975 гъэм «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» телевизионнэ клубым и япэ нэтынкр къагъэлъэгъуащ.
♦1991 гъэм Свердловск къалэм и цIэр Екатеринбург жиIэу зэрахъуэжьажащ.
♦1999 гъэм Буйнакск къалэм щалэжьа терактым и зэранкIэ къатитхуу зэтет унэр хъуауэ. Абы щыгъуэ цIыху 58-рэ хэкIуэдауэ щытащ.
♦Адыгэпщ, Урысейм и дзэ, къэрал къулыкъущIэу, Правительствэм и унафэщIу щыта **Черкасский Яков (Урыскъан)** къызэралъхурэ илъэс 352-рэ ирокъу.
♦Совет Союзым и ЛIыхъужь **Нэхей Даут** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.
♦Шэрджэседжагъэшхуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Нэпсо Долэт** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.
♦Урысейм и цIыхубэ артисткэ **Ургант Нинэ** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.
♦УэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Хиль Эдуард** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Журналист, публицист, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Чэрим Марианнэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 12 - 15 щыхъунущ.

Фокiадэм и 5, *бэрэжьей*

♦Псапэ щIэным и дунейпсо махуэщ
♦Индием щагъэлъапIэ егъэджакIуэм и махуэр

♦1666 гъэм Лондон щагъэункIыфIащ махуищкIэ зыпэмыльэща мафIэсыр. Абы кьалэм и ухуэныгъэхэм я Iыхьэ щIанэр - унэ мининищIым нэсыр - хисхьат.
♦1698 гъэм Пётр Езанэм жьакIэ зытетхэм яуэсыда ятын зэрыхуейм теухуа унафэ кьыдигъэкIащ.
♦1827 гъэм Урысейм тенджызэ IуэхухэмкIэ и министерствэр къызэрагъэпэщащ.
♦1905 гъэм Урысеймрэ Япониемрэ Iэ традзащ мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэм, къэралитIым яку дэлъа зауэр зэриухам и щыхьэту.
♦1936 гъэм Бахъсэн ГЭС-р лажьэу ящтIыпщащ.
♦1941 гъэм нэмыцдзэхэм Эстониеи и щIыналъэр зэрыщыту яубыдащ.
♦1982 гъэм япэ дыдэу Москва - Лос-Анджелес кьалэхэр «телелъэмыж» жьыуаIэ IэмалымкIэ зэпащащ.
♦1997 гъэм Москва къыщызэIуахащ Петр Езанэм и фэеплIыр, скульптор **Церетели Зураб** ищIар. Фэеплыр къызэIуахат Урысей флотыр, Петр Езанэм кьызэригъэпэщар, илъэс 300 щрикъум ирихьэлIэу.
♦1997 гъэм Алыджым и кьалащхьэ Афины 2004 гъэм Олимп джэгухэр щекIуэкIыну кьалэу ягъэуваащ.
♦Урыс усакIуэ, тхакIуэ, драматург **Толстой Алексей** къызэралъхурэ илъэс 201-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, композитор, пшынауэ, узэрэджыIакIуэ, КъБР-м гъэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэжэр Индрис** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.
♦Совет космонавт, авиатор и генерал-майор, Совет Союзым тIунейрэ и ЛIыхъужь **Николаев Андриян** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я энергетик, жылагъуэ лэжьакIуэ **Къущхьэ Мухьэжид** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м щэхабзэмкIэ и и министру щыта, Урысейм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Швыдкой Михаил** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 12 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХУ Маринэщ.**

Лъэпкъ макъамэр зыгъэбейхэр

Ди хэкуэгу, СССР-м, РСФСР-м, КъБР-м я цIыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтымрэ Глинкэм и цIэр зезыхьэ саугъэтымрэ я лауреат, Санкт-Петербург щIыхь зиIэ и цIыху, а къалэм и къэрал филармониеи Академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщI къулыкъум илъэс 30 хъуауэ пэрыт, дирижёр цIэрыIуэ, къэрал куэдым хэIущIыIу щыхъуа оркестрхэм я тхьэмадэ Темыркъан Юрий лъэпкъыр дыззэригушхуэ цIыху щэджащэхэм ящыщщ.

● Темыркъан Юрий и илъэс

КъЭБЭРДЕЙ уэрамым тет сабий гъэсапIэм пэмыжьжьэу зэпымыуэу макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэ духовой оркестрыт Темыркъан зэкъуэшхэр - Борисрэ Юрийрэ - макъамэм дезыгъэхьэхар. Абыхэм я репетицэхэмрэ концертхэмрэ кIуэрейт зэкъуэшитIыр. Макъамэм дихьэха щIалитIым гу ялъызыта, Музыкэ школым и егъэджакIуэ икIи абы и оркестрым хэт Дашков Валерий и фIыгъэкIэ, Борисрэ Юрийрэ Налшык и Музыкэ школ №1-м 1946 гъэм щIэтIысхьащ. Лобач-Жученкэ Николай и деж Борис виолончелым зыщыкъуитIэсащ. Юрий скрипкэм хуезыгъэджар Дашков Валерийщ. КъБР-м и къэралыгъуэр зэрызэфIэувэрэ илъэс 30 щрикъум ирихьэлIэу, 1951 гъэм фокIадэм и 1-м республикэм щекIуэкIа концертым япэу зэгъуэсу зыкъыщащIэлъэгъуащ Темыркъан зэкъуэшхэмрэ фортепианэм еуэ Бырсекъуэ Еленэрэ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ республикэм, къэралым и щэхабзэмрэ макъамэ гъэузджэмрэ хэлъхьэныгъэфIэр хуэзыщI Темыркъан зэкъуэшитIыр щыпIэ куэдым щыщIэрыIуэщ.

Темыркъан Юрий 1979 гъэм япэу Лъэпкъ академием и «Санта-Чечилия» оркестрымрэ хорымрэ ядэлэжьэн щIидзащ икIи абы лъандэрэ зэпымыуэу а гупхэм я гъусэу зыкъеГъэльэгъуэ. 2007 гъэм абы кьызхуагъэфэщащ «Санта-Чечилием щIыхь зиIэ и академик» цIэр. Темыркъаныр псэухукIэ а оркестрым щIыхь зиIэ и дирижёру ягъэуващ. Ар академием и тхыдэм кьыщыхьуа Iуэху гуапэщ. Ди хэкуэгъу цIэрыIуэм и пэкIэ а кьулыкъур ирихьэкIащ Италием и оркестрым щIыхь зиIэ и президенту 1983 гъэм хаха, США-м щыщ Бернстайн Леонард.

Дирижёр цIэрыIуэр зи художественнэ унафэщI Санкт-Петербург къэрал филармониеи екъулIэныгъэ иIэу «Парко-делла-Музика» концерт комплексым илъэситIкIэ зэзIэбэкIыжмэ утыку кьыщIихьащ Римский-Корсаков и «Шахерезада» сюитэмрэ Рахманиновым и Симфоние №2-мрэ. Абы зыкърагъэхьэлIащ Италием и цIыху цIэрыIуэхэм, къэралым и президенту щыта Наполитанэ Джорджи яхэту.

Урысей Федерацэмрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ я министерствэхэм илъэс куэд хъуауэ Темыркъан Юрий и щIэкIэ Симфоние макъамэм и дунейпсо фестивалхэр Налшык къалэм гукъинэжу щрагъэкIуэкI. Абы и программэм кьызэщIеубыдэ дунейпсо классикэ музыкэм и макъамэ яхъыфIхэр. Абы щыгъуу къызэрагъэпэщ дирижёрым и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуа гъэпсыгъуэныгъэ гъэщIэгъуэнхэри.

Темыркъан Юрий илъэс 75-рэ зэрырикъуэ щигъэлъапIэм ирихьэлIэу зэхаубла «Гъуэзджэхэм я ут» фестивалым зыкърезыгъэхьэлIа УФ-м и Президент Путин Владимир «Хэкум и деж щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и IV нагъыщэр мазитрэм кьыхуигъэфэщат, макъамэ гъэзджэм зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэфIэр кьилъытэу. КьищынэмыщIауэ, Урысейм и махуэм, мы гъэм мэкъуэуэгъуэм и 12-м, Кремлым щагъэлъапIащ 2017 гъэм щIэныгъэм, технологиеэм, литературэм, гъуэзджэм, гуманитарIуэхуэхэм зэхьэныгъэфI хуэзыщIахэр. Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ цIыху гуащIафIэхэм щIыхь дамыгъэхэмрэ дипломхэмрэ яритыжащ УФ-м и Президент Путин Владимир, ахъшэ саугъэту сом мелуан тхурытху щIыгъуу. Апхуэдэщ литературэ, гъуэзджэ унэтIныныгъэхэмкIэ Урысейм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ Темыркъан Юрий.

Тхыдэ щIэинхэр хъумэныгъэ лъэпкъ макъамэм зегъэужьыныгъэ дирижёр цIэрыIуэхэм хуащI хэлъхьэныгъэфIэхэм мыхьэнэшхуэ щIэщ Къэбэрдей-Балъкъэр, Урысей, дунейпсо щэнхабзэ, жылагъуэ гъащIэм. Зи лэжьэгъуэхэм я пщIэрэ республикэм, къэралым ис куэдым я лъагъуныгъэрэ къэзылэжьа Темыркъан зэкъуэшхэм дирижёр гъуэздджэм щIэ зэфIэкIыр дяпэкIи мыкIуэщIыну, я лжьэныгъэ купщIафIэхэмкIэ республикэм, къэралым, дунейпсо псом исхэр яГъэгуфIэну, узынщагъэ, екъулIэныгъэ, дэрэжэгъуэ яIэну ди гуапэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Гулъытэ

Балэ Жансурэт и илъэс 90-р

Бахъсэн щIынальэм хыхьэ Бахъсэнёнкэ жылэм щыпсэу, егъэджэныгъэ лэжьыгъэм и ветеран Балэ Жансурэт Джатэгъэжь и пхъум мы махуэхэм хуагъэпэпащ илъэс 90 щрикъу махуэшхуэр. АбыкIэ хьыбар дигъэщIащ Бахъсэн район администрацэм и пресс-Iэнатlэм и лэжьакIуэ Дыгулыбгъу Маринэ.

«ЕГъэджакIуэ Iэщ1агъэм кьыхуалъхуащ», - зыхуажIэхэм хуэдэщ Жансурэт. ФIыуэ ильагъу Iэщ1агъэмкIэ щIэныгъэ зригъэгъуэта нэужь, абы лэжьэн щыщIидзащ Бахъсэнёнкэ къуажэм дэт курыт школ №2-м икIи илъэс 42-кIэ и Iэнатlэм хьэлэлу пэрытащ. Жылагъуэм пщIэшхуэ щызиIэ егъэджакIуэм зы щIэблэкъым гъащIэм и гуэгуанэ захуэм тригъэувар, унэтIакIуэ зыхуэхъуар. Ноби Жансурэт и цIэр фIыкIэ кьраIуэ абы и гъэсэну щытахэм, абыхэм я адэ-анэхэм.

И махуэшхуэмкIэ бзылъхугъэ гуащIафIэм ехъуэхъуар и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ я закъуэкъым. Абы хьэщIэ лъапIэу кьыхуэкIуащ кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Шакъ Миланэрэ район администрацэм и Iэтащхьэм и япэ кьуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къэзан Зауррэ. Абыхэм Жансурэт ираты-жащ УФ-м и Президент Путин Владимиррэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ кьабгъэдэкIа хьэужьу тхыльхэр. Апхуэдэу хьэщIэхэр егъэдэкIуэм хуэгуэпащ саугъэтхэмрэ удз гъэгъа Iэрамэ дахэхэмкIэ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Малъхъэр хъумэ - къанщ, мыхъумэ - шыдщ.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ Iэхуущ1апIэм, КъБР-м и ТхакIуэхэм, и Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Налшык-НОТР» ОРТК-м, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхъащ КъБР-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэта, «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь **ХьэIупщы МуIэед ТIаIэ и къуэр** дунейм зэрехьакIар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Сызэплъэкlыху къэсащ щlымахуэр

Ацкъан Руслан и тхыгъэщlэхэр

* * *

Слъагъу хуэдэщ, хъущ щытепщэ гъатхэр
сызыхуэззш адэжь щlыналъэм.
Дяку къыдыхьауэ щытми гъэхэр,
сигу еэшар абыкlэ маплъэ.

Гъэхэм яку дэкlыу сиlэщ лъагъуэ,
абы щlэх-щlэхыурэ сытохьэ.
Си гъэгур кlыхьщ, теуэгъуэу плъагъуми,
хэзгъэщlым нэхъ нэхъыбэ хохъуэ.

Сыщалъхуа пщlантlэм сыдыхьэжми,
сыкъэкlуэжауэ абы къикlкъым.
Сыкъыщlэкlынущ ещхьу хьэщlэм,
сыщыпсэу щlыпlэр сигу пымыкlыу.

Къэлъэтэж бзурэ пэт къыстокlуэ, -
щопсэу си лъахэм щlыlэ хъухкlэ.
Сэ сытохьэж сыпlащlэу гъуэгум,
къыхэзгъэхъуауэ стелъа щlыхуэм.

Слъагъу хуэдэщ, нэр щlесыкl хужьыгъэм,
щоуэркъри гъатхэр адэжь лъахэм.
Зэ догуэт, сыщыуа си гугъэщ,
сызэплъэкlыху къэсащ щlымахуэр...

* * *

Сыдэкlуэтейри lуащхьэ гуэрым,
акъужьыр здепщэмкlэ сыплъащ.
Нэсауэ жыжьэ дыгъэр кlуэжти,
и бзийуэ хъуар зришэлlэжт.

Абы иужьым иуваущ
мы дунеижьр сэ къысфlэщlт.
Гужьеигъуафlэ занщlэу хъуауэ
зашийти удзхэм - щlыр къыщlэщт.

Зыхэсщlэрт lуащхьэр зэрыбауэр,
къысфlэщlу зэм сытриlэтыкl.
Жиlэну хэтт зыгуэр гуваущ,
абы и lуэхури мытынкт.

Гур кlэлъыlэбэу, псэр кlэлъеlэу
дыгъэр уэгу гъунэм йобэкъуэж.
Сыщытщ, гурыщlэхэр къыстекlуэу,
псэ зыпыт псори хъуащ си къуэш.

Дэтхэнэ зыми сыщогугъыр,
къысхуейуэ псори къысщохъуж.
Апхуэдэу псэхэр зэрыыигъыу
сымылъэгъуам, си фlэщ мыхъунт.

Схэщlари, къысхэхъуари сщlыгъуу
сэ lуащхьэ задэм сыкъоохыж.
Икlащ акъужьым и щlэщыгъуэр,
здепщэ лъэныкъуэри ехъуэж.

Игъэупщlыlужу щlыр, къежьыыр.
Мывэм къелыгъуэри - зопщэж.
Сэри сыщыщщ мы зэрызехьэм,
абы сыхэпшмэ - сыгъуэщэнщ...

* * *

Ныбжь гуэрхэр къыщlоувэ нэгум,
къысфlэщlрэ слъагъуэ сымыщlэу.
Уеупlэ куэд си гъащlэ тlэкlум
абыхэм щаубыдащ, мыупщlэу.

Щопсэу а ныбжьхэр бгъуэнщlагъ нэщlхэм,
щахуэмыхьыжым деж къыщlэкlыу.
Дунейм къыпотохьэ ахэр жэщкlэ,
къурш ныбжьым зыхагъапщкlуэ щlыкlэу.

Заплъыхьыр, сакъыу, жыжьэ даlуэу,
къапкърыкl нэхури согъэщlагъуэ.
Зи ныбжьхэр ахэр - къызгуроlуэ -
дунейм тетыжкъым Іэджэ щlауэ.

Дымыщlэ гуэр абыхэм ящlэ,
ар зыхызощlэ сэ гукъуэпскlэ.
Іуэхушхуэ дэлъщ абыхэм я пщэм,
къэтщlэнщ ар, и зэманыр къэсым.

Къысхуэнэр зэкlэ, псэху сымыщlэу,
къэкlуэнум сежьэу зезгъэсэнырщ.
Еухыр жэщыр. Щхэуу ныбжьхэр
щlохьэж бгъуэнщlагъхэм, гупсысэну...

Сабиигъуэм щыщ

И макъыр псыежэхым псыхъуэм дэзщ.
Абы хохьэжри жыгхэм къаlуащхьыр,
щызгъакlуэу хым и lуфэм
къысфlощlи жэщыр,
уэгу гъунэр къысщохъужьыр хым и нэз.

Мы гъатхэ жэщыр слъэгъуа псом емыщхь,
къиубыдым нэм хэпхъащ иджы
хужьыгъэр,
сымыщlэ къэгъэгъауэ фlэкlкlыфlыгъэр.
Балигъ сыхъунум къэнар зым щымыщ.

Ди къуажэм дэкlгъуэгу закъуэм сытехьэнщ,
къысхуэгумащlэ ди хъэр ныскlэлъыжэу.
Абы, зрилъэфыхьрэ, игъэзэжым -
зэшыгъуэ куум ещхь гуэр
къыспкърыхьэнщ.

Арщхьэкlэ къэзгъэзэнкъым. Сыхыхьэнщ
зэм-зэмкlэ уэгур зыгъэтхытх гъащlэшхуэм.
Сызыпlа лъахэм къыстенэнщ и щlыхуэ.
Ар япшыныжым щыщкъым, щlы уи фlэщ.



253-нэ сонет

Си нэр зэтеспlэм, нэхъыбэ солъагъу,
кlуар къыхьхьэжу, къэкlуэнур къыхьхьэу.
Си псэр джэгужкъым - ещlэж къызэлар,
макlуэ си гъащlэр, пэщlэту ухыгъэм.

Хыр зи инагъыр щызоуэ си нэгу,
зэми икlуэтрэ уэгу гъунэр илъэсу.
Лъэтэж кърухэм хагъэщlыр я гъэгу,
я хъуреягъыр джэ макъкlэ пхагъэзу.

Абыхэм ягу щыщlэр зымыщlэр сэра?
Пщlэкмэ, тепхъащ дунеижьым
си лъэпкъыр.
Си нэр зэтеспlэм, щlы щlагъри солъагъу,
уафэм и къуагъым щигъэпщкlури
солъагъур.

Куэд щызэблокlыр аргуэру си нэгум.
Си нэр зэтесхмэ, lэпхъуэнухэщ си гум.

254 нэ сонет

Щопсэу зы цlыху иджыри
си lэпкълъэпкъым,
ар зэм сэ сщыщщ, зэм хамэм хуэдэ гуэрщ.
Езым зебжьж си гъэру - сэ ар сlыгъкъым,
сыlэщlэкlыну сыщыхэтри куэдщ.

Щымыхъун дыдэм деж ар къыспоувыр,
къемыззгъ псалъэ кърилъхьэнщ утыку.
Абы жиlар къалъытэурэ нэхъыфlу,
нэхъыбэр си гурыщlэхэм хуэдэгущ.

Абыра сэрэ диlэр зы гъэгуанэщ,
зэгъусэу дылlэжыныи къыщlэкlынщ.
Къытхужаlэнущ: - Зэрытегъэкlуакъым,
зыр течыгъуеймэ, адрейр тэмакъкlэщlт.

Ар сигу нэхъ ирохьыж, кlуэтэху
си ныбжьыр.
Щlэх-щlэхыурэ аращ гуитlщхьитl
сызыщlыр.

255-нэ сонет

Жэщыр ибг иуащ щыжысlэ дыдэм,
блэкlа махуэр гум къыщlитхъыу хужьэ.
Си дунейм щыщ lыхьэ нэщl хъуа хуэдэщ,
ар си гъащlэ кlэщlым зэрыхэщlрэ.

Сыт дыгъуасэ, адрей псом емыщхьу,
къыщыхъуар си гъащlэм? - согупсысыр.
Щыlэу сэ апхуэдэ гуэр сымыщlэ,
йокlуэкl псори а зэрыщытыпсу.

Ауэ щыхъукlи - дыгъуасэрей махуэр
къысфlоувэ махуэ куэдым ялэ.
Зэм ар къыщlэкlыну си фlэщ мэхъур
зы lуэхушхуэ гуэрхэм я щlэдзапlэу.

Нэху зэрыщыр хъуа нэужькlэ lупщl,
си къэкlуэнум и джэ макъ къэlунщ.

256-нэ сонет

Араща, согъэззжыр си хэщlапlэм,
щыlэжкъым си псэм къыщимыкlухьа.
Зэхэздзыжынущ хуэму сиlэр псапэу,
къэсхьар гуэныхэу, лейуэ къыстехьар.

Изгъэзэгъэжрэ и пlэ мис а псори
зы гугъэ гуэрхэр къысхуэнэж нэужь,
нэхъ ерыщыжу щlэздзэжынщ сыпсэууэ,
гъэзгу кlыхьхэм щамылъагъуми си лъэужь.

Дэкlыгъуэр сыт, егъэзыхыгъэрщ гугъур,
зыгуэркlэ урихьжьым - зэфlэкlащ.
Сыщыхуеинур дяпэкlэщ си гугъэм,
гъусэ нэхъ пэжыр ара къыщlэкlынщ.

Сыплъыхъуэжынущ уэри - ар зэгъащlэ.
Езым сымыщlэу ухэтащ си гъащlэм.

* * *

Я куэбжэпэм деж щыт жыг закъуэм
зыкъом щlауэ ар теплъэ хъужкъым,
ауэ и гур бгъэм имызагъэ,
къыщlигъэхьэм и нэгу ар гъужу.

Закъуэныгъэ щапхъэу а жыгыр
къилъытащи абы зэгуэрым,
къыщытекlуэм и деж зэшыгъуэр,
ар здэщыlэ лъэныкъуэмкlэ кlэрякъым.

Зыщlэхъуэпсыр мэхъур куэдыlуэ.
И щlалэгъуэщ, мэпабгъэ и гур,
псым елъэнущ тету кlуэрыкlуэм,
ауэ быдэу епхащ и щlыгум.

Зэпичынщи, уэу, къуэпс гуэрхэр,
гъуэгу техьэнщ ар махуэу е жэщу.
Сощlэ, ар сыздэщыlэм къэкlуэнущ,
дяку дэлъ гъуэгум псынщlэу хигъэщlу.

Ар къэсынкlэрэ хъунщ пасэlуэу,
сымыхьэзыру сыхуэззэну.
Ар къэкlуэнкlэри хъунщ кlасэlуэу,
сыщимыгъэтыжынум зэи.

Ар къэкlуэнущ - аращ нэхъыщхьэр.
Іэщlэкlар зэшым зым хуэубыдкъым.
Сфlэфlт къыщхьэпэмэ си лъэужьыр,
къэскlуащ сэри а гъуэгу дыдэр...

* * *

Гумащlэ сохъу, сахуэззэмэ унэжьхэм,
зыслlэжьэу, сыздежьам сыкъыкlэрыхуми.
Унэжьхэр щытщ, тегупсысыкlым ещхьу,
сэ сфlэфl пхъэм и мэ гуакlуэр
къакlэрихьу.

Гъущl Іэджэ зыхэлъ унэхэр мэлыдыр,
я напщlэм телъщ абыхэм я лъагагъыр.
Унэщlэхэр къызжаlэми нэхъ быдэу,
унэжьхэм къыхызох я гумахагъыр.

Сэ жьы хъуа цlыхухэм изогъэщхъ
унэжьхэр,
къэсахэм нобэм, гугъуехь Іэджэм къелу.
Текlыжа пыlэм ещхьу слъагъу унащхьэм
къыщlэплъ щхьэгъубжэ къэскlэ гущlэм
къоплъэ.

Я гъащlэм пшэм хэт пэшхэм щыпсэу
цlыхухэм
бзу мылъэтэфым и дунейщ хэслъагъуэр.
Губзыгъэт ди адэжьхэр: унэр абыхэм
щытакъым ящlу жыгым нэхъ нэхъ лъагэу.

* * *

Сыту лlыфl куэд мы дунейм тета.
Гъащlэр яхьами зэхэзехуэну,
Я нэхъ шынагъуэм пимыкlуэта.
Нобэ допсэур ахэр къытхуэту.

Нобэ допсэур. Зэм къысфlощlыж
дымыпсэуами - зы къэмыхъуну.
Лlыфlхэм х'ахьахэр куэдрэ дощжж,
мылъкуу къэтлъытэм къыхэдгъэхъуэну.

Сыту лlыфl куэд мы дунейм тета.
Уафэм сыхоплъэ, гурыщlэр къеблу.
Лlыфlхэм я псэхэр щыпхылъэтам
къэна гъуанэхэм вагъуэхэр къоплъыр...

* * *

Щыуагъэу сщlар къызолъытэжыр,
зырызу щызгъэвэжу гущlэм.
Я хэтщ къыщысхъ си гукъыдэжым,
къахокlыр зыхуэсщlыни фlыщlэ.

Абыхэм куэдрэ си гъащlэр
зэтраухуащ, ираlуэнтlэкlыу.
Сымыщlэ гуэр аргуэру х'асщlэрт,
къызэжьэу нэхъыбэж къыщlэкlырт.

Сопсэур зэкlэ, сыщlихьауэ,
къикlуэтыжыкlэ лъэпкъ сымыщlэу.
Зэбгъэззхуэн мыхъун щыуагъэр
лlэныгъэ закъуэрщ - ар иужькlэщ.

* * *

Гум ихуа псалъэм солъыхъуэж,
ар псом нэхъыщхьэу къыщlэкlынут.
Абы епхауэ х'ахьсщохъуж
къысхуэна гъащlэм хулъэкlынур.

Ихуащ ар си гум. Дэнэ кlуа?
зэрыгъунэгъур зыхызощlэ.
Псалъэ лей къомыр къыстекlуэху,
а зым сылъыхъуэжынущ, сощlэ.

Ар мыкlуэдын. Къигъэзэжынщ,
сыпэмплъэж зэгуэрым хъумэ,
къызэщlикъууэ уафэм щыщ
е къыкlэрихьу псыхъуэм и мэ.

Дэ дызэщlыгъуу дыпсэунщ,
зы къэмыхъуа нэхъей, аргуэру.
Итlанэ сыткlи къызэупщl,
усхуэмылъыхъуэ сыздэкlуэнум.

* * *

Гур здэплъэм нэскlэ си дунейщ,
жызоlэ, ауэ къысслъысижьыр
сэ сыздэкlуэфым нэс къудейщ,
нэхъ къасщтэу унэм сынэсыжьым.

Сыпlащlэу пщlантlэм сыдохьэж,
сыщlэсщ мамыру ди жыг щlагъым.
Блэкlауэ хъуар къысщхьэщохьэж,
къысщохъур зэрызехьэу къуаргъуэу.

Къесынущ уэс - сэ согупсыс,
ирокlуэ щlыlэр си lэпкълъэпкъым.



Жыг тхьэмпэр жьыбгъэм егъэсыс,
зэрыпыхунур сигъэлъагъуу.

Зыщlыпlэ деж щlым къыщыпхоплъ
нэм къыщlэплъэну хэт жыг лъабжьэр.
Абы и плъэкlэм Іэджи хэлъщ -
я зэхуэдитlу щlым, уэгу лъащlэм.

Псэм пэгъунэгъухэм согупсыс,
зырызу сигукlэ сеубзэжу.
Яхэтыр мис а псоми зыщ
зэгуэр сщlа гугъэм ехъуэпсэжу.

А зыр си гъусэу сэ сыхуейщ
псэр здэкlуэм нэс пхысшыну лъагъуэ.
Гур здэплъэм нэскlэ си дунейщ,
аршхьэкlэ гури мэхъур набгъэ.

* * *

Ди къуажэкхъэм ситщ сэ аргуэру.
Къызопсалъэ жыг тхьэмпэ гъущэр.
Къызоупщl сыкъызыхуэкlамкlэ,
Іущащэ защlэу, акъужьыр.

Сын зэхуакухэм сыдокlыр щэхуу,
сыдэт хуэдэ уэрам зэвым.
Щхьэгъубжэхэм къыздэплъ къыщыхъууу,
нэ сакъэр къыхоплъыр мывэм.

Къуаргъ гуэр аддэ жыжьэу щохъущlэ.
Къэр ещхьщ жейм хилъэфа хьэблэм.
Бгъэм щlикъуэз фэкlа умыщlэу,
кхъащхьэ къэс илъщ щlым и Іэплlэм.

Щlым щlэлъхэм сепсалъэурэ сокlуэ,
зэм-зэмкlэ си гур къилъэту.
- Си анэм фыхуэсакъ, - жызоlэ, -
си адэми хуэфщl гулъытэ...

* * *

Сыт щыгъуи сегъэгушхуэ псы къиуам,
сышынэми лей гуэрхэр зэрихьэнкlэ,
Мес, жыгри здихьу, нэпкъыр къыгуэращ,
мывэшхуэхэр, зэрышхыу, ирехьэхыр.

Щымыlэу хуэдэ зи фlэщ хъужа псым
ищlам хущlегъуэжыну и гум къэкlкъым.
И гуащlэ уафэм хэльщи мис а псом,
къыхуоплъыхыж, зигъэпщу, и зэфlэкlым.

И жапlэм, зыри къэмыхъуа нэхъей,
пщэдей дзувэжынущ псыежэхыр.
Уэгу къащхъуэ зы пшэ закъуэ щымыхъейм
зищlынущ псыр къиуауэ имыщlэххэу.

Икlыхукlэ махуэр гущlэм щызесхьэнщ
зы пlейтеигъэ гуэр, ескъух мыхъуну.
Аргуэру, кlуэрэ пэткlэ, сигу кхихьэнщ
псым и къежьапlэм нэс сыдэкlуеину...

Насып

- Уздэщыlар уэ дэнэ, жэщыр
и сахуэу махуэм къыщысщыхъум,
дыгъэр, си гуауэр къыщlигъэщу,
и гъуэгу щытеувжьым щыгъуэ?

Укъысхуэкlуакlэ сыт имыгъуэу,
сыпхуэмеижу къыщысльэтым.
Иджы нэгъуэщlхэм сахуолъыхъуэ
хъуэпсапlэу сиlа уи гулъытэм.

- Инщ мы дунейр. Сызыхуэкlуэну
зи натlэм итыр Іэджэ мэхъур.
Сагъэгуваща сэ тlэкlу зыгуэрхэм,
сыджакlэ, бжэр къыхуlуамыхыу...

* * *

Хэт сыт жиlэми - лъэщщ упсэуну,
ар иджыщ щызыхэсщlэр нэсу.
Сыкъокlуэлlэж пlейтейуэ си унэм,
си гъащlэ кlыхьыр зэуэ си гъусэу.

Мы си щытыкlэр - насыпышхуэщ.
Сыlукlыжьынукъым зэкlэ жыжьэ.
Дэнэкlи гъази, - псэр ягъэгушхуэу,
хэlэтыкlа нагъыщэщ жыгхэр...



● Банк Іуэхухэр

Іэмалыщlэ къыхалъхьэ

Урысей Федерацэм и Хъумапlэ банкым къэралым и ипщэ лъэныкъуэм къыщыхилъхьащ «Личный юрист» Іэмалыщlэр.

ХАБЗЭМ ехьэлlа чэнджэщхэр дэнэ щlыпlэ щыlэми жэщми махуэми иджы зыlэрагъэхьэфынущ цlыху щхьэхуэхэми хьэрычэтыщlэхэми. «Личный юрист» сервисым зыпащlэфынущ зы унагъуэм щыщу цlыхуищым. Компаниеми и сайтым щыlэ щхьэзакъуэ кабинетым ихьэмэ, тхьэмахуэм къриубыдэу махуибкlэ ар къагъэсэбэпыфынущ телефонки, электрон пощтки, скайпки.

Клиентхэм чэнджащ ярет банкым и лэжьэгъу «Европейская юридическая служба» ООО-м. Компаниеми ещlэ къэралым щынэхъ ин дыдэ call-центр. Ар зэрылажьэ илъэс 11-м къриубыдэу хабзэм и унэтlыныгъэ псомкlи юридическэ чэнджэщхэр итащ мелуани 3,5-рэ. Псори зэхэту апхуэдэ Іуэхутхьэбзэр къагъэсэбэпащ цlыху мини 850-м.

«Личный юрист» сервисыщlэм Іэмал къет юридическэ чэнджэщхэр Іэщlагъэлl щхьэхуэхэм хуагъэхьэзырыну. Абы и фlыгъэкlэ хьэрычэтыщlэхэм яхуэзфlэкlынущ, мылъкушхуэ трамыгъэкlуадэу, хэщыныгъэхэр ягъэмэщlэну, юридическэ шынагъуэншагъэм хагъэхъуэну», - дыщигъэгъуэзащ «Хъумапlэ банк» ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщl Урысбий Хьэмидбий.

Клиентхэм «Личный юрист» Іуэхутхьэбзэр яlэрыхьэфынущ «Базовый», «Предприниматель» тарифхэмкlэ, сервис къыхахам елъытауэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

ГъущlапщэР утыку къохьэ

Урысейм Художествэхэмкlэ и академием къыщызэlуахащ ди лъахэгъу Гъущlапщэ Арсен и скульптурэ лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

СУРЭТЫЩlЫМ абы утыку къыщрихьащ «Бзу», «Анэ», «Дыгъэм и дамыгъэ» скульптурэ сериехэр, «Лъэпкъ жыг» (Истамбул), Лермонтов Михаил и мемориал комплекс монумент лэжьыгъэхэр.

«Гъущlапщэр щыщщ иджырей скульптурэм и лэжьакlуэ нэхъ Іэзэхэм. Абы и Іэдакъэм къыщlэкlэр адрейхэм ещхькъым, и хъэтl щхьэхуэр псоми къахьибоцlыхукl. Арсен къигъэщl образхэр хуабагъэрэ дахагъэкlэ зэрыгъэщlам и мызакъуэу, ар зыщыпсэу щlыналъэм и дамыгъэ зэрытелъырщ ахэр гурыхь зыщlыр», - жеlэ Урысейм Художествэхэмкlэ и академием и академик Вяжевич Марие.

Гъэлъэгъуэныгъэр екlуэкlынущ фокlадэм и 9 пщlондэ.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, скульптор Гъущlапщэ Арсен Урысейм Художествэхэмкlэ и академием и член-корреспондентщ, Урысейм и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Кэнжэ жылагъуэм къыщылъхуа щlалэм 1981 гъэм Москва художественнэ школ къыщиуухащ.

Суриков В. И и цlэр зезыхьэу Москва дэт къэрал академическэ художественнэ институтым щlэсу, «Жажда» зыфlища и диплом лэжьыгъэм папщlэ 1987 гъэм абы къыхуагъэфэщауэ щытащ СССР-м Художествэхэмкlэ и академием и дыщэ медалыр. Диплом лэжьыгъэ щхьэкlэ апхуэдэ дамыгъэ академием студентхэм щаритар зэззэмызэхэт. 2010 гъэм Гъущlапщэм къыхуагъэфэщащ Урысейм и Художникхэм я союзым и дыщэ медалыр.

Ди гуапэщ ди хэкуэгъум и ехъулlэныгъэхэм дяпэкlи хэхъуэну.

УЭРКЪ Жыраслъэн.

● Налшык

Псэущхьэхэм къахохъуэ

Налшык и зоопаркым ис псэущхьэхэм къахохъуэ.

МАХЪШЭХЭР зэрыт Іуэм мы махуэхэм щыфлъагъунущ Эльбрусрэ Глашэрэ къащlэхъуа шыр цlыкlур. Мыр етlуанэ щlэжьейщ, япэр 2016 гъэм дунейм къытехьащ.

Зоопаркым и къудамэм и унафэщl ДыщэкlМурат дызэрыщигъэгъуэзамкlэ, махъшэ шырыр узынщэщ, жанщ. Цlыху уэрым емысар иджыпстукlэ и анэм и къуагъым нэхъ къуэтщ. Эльбрусрэ Глашэрэ я шырым фlащар Толикщ. «Ар дунейм къыщытехьа махуэ дыдэр ди лэжьакlуэхэм ящыщ зыр къыщалъхуа махуэм техуати, и цlэр фlэтщащ икlи абы къытенащ», - жиlащ ДыщэкlЫм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Хуэфэщэн зыус

● ДифІ догъэтъапІэ

Республикэм и гъуаздж эм, щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ хуащІу илъэс куэд щІауэ хуэлажьэхэм ящышщ ЦІыхубэ творчествэмкІэ щэнхабзэ методикэ центрым и унафэщІ, сурэтыщІ Іэзэ Жьылэ Анатолэ.

АДЫГЭМ и сурэтыщІ нэхъ Іэзэхэм ящышщ Анатолэ, ауэ щыхъуКи къыхэгъэщыпхъэщ ар нэхъ гугъуу къалъытэ графикэ жыпхъэм иту зэрылажьэр. Тхыдэр, эпосыр, Іуэрыуатэр, литературэр и лъабжьэу абы и Іэдакъэ къыщІэкІа дэтхэнэ лэжьыгъэми мэгъу къару зэрахэлъыр уаэзэрыуплъэу зэхьбощІэ.

Ди лІыхъужьым хужиІа фІэкІ умыщІэуну, «Кууэ хъыщоузым, хуэфащэн боус», - сатырхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа Бещтокъуэ Хьэбас и уэз едзыгъуэхэм, «Мывэ лъэхъэнэ» роман-мифым и нэгу къыщІагъэхьа теплъэгъуэхэр гъэщІэгъуэну итхащ Жьылэм. Ар зыцІыху дэтхэнэми хужьІэнущ абы къызэрымыкІуэу зэфІэкІ ин Тхъэшхуэм къыбгъэдилъхьами, и цІэр сыт хуэдизу яІэтами, ар и лъэпкъым хуэпсэу цІыху къызэрыгуэкІыу сыт щыгъуи къызэрынэжьыр.

Бещтокъуэ Хьэбас, Пхъэш МуІэед, Лохвицкий Михаил, Гоголь Николай, Къэзанокъуэ Жэбагъы, Конфуций сымэ я тхыгъэхэр фІыуэ илъагъу къудей мыхъуу, абыхэм я Іэдакъэщ Іэкі Іэм сурэт гъэщІэгъуэнхэр хуищІащ Анатолэ. Уеблэмэ, иужьрейтІым (Жэбагъырэ Конфуцийрэ) я тхыгъэхэм щІэлъ гупсысэр зэрызэщхьыпсыр къыхеГъэщ ди псэльэгъум. Жьылэм жеІэ Конфуций и Іуащыгъэхэмкі Китайр нобэр къызэдсым зэрыпсэур, и зэфІэкІкІэ абы зыкІи къыпимыкІуэт акъыл зыбгъэдэльа Жэбагъы и жьыІэгъуэхэмрэ хъыбархэмрэ зымыщІэу къытхэтыр нэхъыбэщ.

Анатолэ фІыуэ къыгурОІуэ щэнхабзэм и зы Іыхьэ кІуэдмэ, нэгъуащІхэри здихьынкІэ шынагъуэ зэрыщыІэр. Арагъэнщ ар абы и дэтхэнэ унэтІыныгъэми теубгъуауэ, гулъытэншэ имыщІу щІегугъур. Литературэм, Іуэзаджэм, Іьэпкъ ІэщІагъэхэм къызэрымыкІуэу гулъытэ инхуещІ, зэрегъапщэ, зэпелъыт, утыку кърехьэ абы. Ар зи унафэщІ ЦІыхубэ творчествэмкІэ унэм самодеятельнэ ансамблхэм, сурэтыщІхэм, уэрэджыІакІуэхэм, джэгуакІуэхэм щадолажьэ, республикэм къыщызэрагъэпэщ дауэдапщэхэм жыджэру хэтщ. Псалъэм папщІэ, мы гъэм, Къардэнгъуці Зырамыку къызэрагъуэрэ илъэсиз 100 щІыкъум ирихьэлІэу пасэрей уэрэдыжьым и фестиваль щІыналъэхэм щрагъэкІуэкІ, абыхэм нэхъыфІу къыщалъытахэр республикэпсэ фестивалым кърагъэблагъэну я мурадщ.

Жьылэр зи унафэщІ Іуэхущ Іапі эм къыдигъэкІащ пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэм я нотэхэри ягуэсэу щызэхэхьэса тхыльэ. Уэрэдыжьхэм я псалъэхэр зэхуэзэхьсьажар Къардэнгъуащі Зырамыкущ, макъамэхэр зытхыжар Зеущэ Іэуесщ. Отаров Омар къызэралъхурэ илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлІэу абы жиІэу щыта балъкъэр уэрэдыжьхэр щызэхэхьэса уэрэдылъэ дунейм къытрагъэхьащ. И бжыгъэкІэ мащІэм Іащ Іэщ Іагъэ Іхэм къызэрымыкІуэу зэкъуэщхьэпэну абыхэм къыдагъэкІащ адыгэ къафэ лЭуэжьыгъуэхэм я хабзэхэмрэ я мыхьэнэхэмрэ щызэпкърыха тхыльэ, Къэзанокъуэ Жэбагъы и хъыбархэр адыгэбзэрэ урысыбэхкІэ щызэхуэхьса къыдэкІыгъуэ хьэлэмэт, гъэм и зэманхэр къызытещ махуэгъэпс. Зи гугъу сщІа тхыльхэм я купщІэр щІигъэхуабжьэу ит сурэтхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІар Жьылэ Анатолащ.

КъыдэкІуэтей щІэблэм я гугъу щищІкІэ Анатолэ къыхегъэщ абыхэм куэдкІэ зэращыгугъыр. Ар щогугІыкІ щІалэгъуалэм щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ гулъытэ хэха хуащІым и мызакъуэу, езыхэми я унэтІыныгъэхэр зэрырагъэфІэкІуэн Іуэхуэхэр зэралъэкІым.

«Щхьэж и зэфІэкІ и дунейщ», - жиІаэу щытащ Къэзанокъуэ Жэбагъы, Жьылэ Анатолэ и акъылымрэ и зэфІэкІымрэ къагъэщІ дуней тепльыджэр енщащ,ар псэ къабзагъэр гу хубагъкІэ псыхьащ. Арагъэнщ абы и Іэдакъэщ Іэкі Іэм я нэрымылъагъуу къарум и щахури.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Налшык къалэ

«Шэрхъ домбейри»

Налшык и аттракционым «шэрхъ домбейр» щагъэуващ. Абы и закъуэ трагъэкІуэдащ сом мелуан 50-м нэблагъэ.

ХЬЭТІОХЬУЩОКЪУЭМ и жыг хадэм ит сабий зыгъэпсэхупІэр иджыпрей мардэхэм тету зэфІэгъэхьэным телэжьэну кърагъэблэгъащ Сочэ, Краснодар къалэхэм я аттракцион ехьэжьахэр щызыІухуа Іэщ Іагъэ Іхэр. Иджыпстуи мы щІыпІэр дахащ щ, сабийхэр зэпІыныр я нэгу зыщищжьынрэ гъунэжу. Гъэмахуэ псом мы щІыпІэр жэщыр сыхьэт 12-м нэсыху яГъэлэжьащ, апхуэдэ мардэм шыщхьэуІум и кІэм нэсыху тетынурэ, адэкІэ бжьыхьэ-щІымахуэ зэманым зытраухуэжьынущ. Аттракционым и хъуреягъкІи, абы екІуалІэ лъэс зекІуапІэхэри нэхушхуэу къагъэнэхуащ.

Мы щІыпІэм щаухуэ сабий ныкъуэдыкъуэхэм я аттракцион щхьэхуэ. Абы итынущ тыншу зэрытІысхьэфыну хъыринэхэр, нэгъуэщІхэри.

Аттракционым гектари 7 щІыуэ къегъэщІылІащ. Абы щыщу нобэкІэ къагъэсэбэпыр 4-ращи, адрейр илъэси 5 пІалъэм къриуфыдэу зэІуэпэщ ящыну я мурадщ. Сыт хуэдэу аттракционым зиужьыжьа, щІат пщІэм хъэхъуэнухъым, уасэр зы картэкІэ яту зэращІынум Іуэхур нэхъри къащигъэпсынщІэнущ.

● Фщ Іэн папщІэ

Къуэдым и процент 33-р япшын

Къуэд птелърэ-птемылърэ къыщыпщІэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - **www.gibdd.ru**.

КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м фигу кьегъэкІыж:

- рулым дэсхэм гъуэгум зэрыщыпсэкІуэ хабзэр уэим фымыщІ!

- административнэ къуэдыхэр и чэзум фыпшын.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Тхъэмахуэ блэкІам зэратх Іэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, щыщхьэуІум и 18 - 24-хэм къриубыдэу гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр 20484-рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къуэдыуэ тралъхьащ сом мелуан 12-рэ мин 269-рэ. А махуэхэм къриубыдэу сом мелуани 4-рэ мин 80-рэ, тралъхьам и процент 33-р, япшынащ.

КъУЭДЫР махуэ 60-м къриубыдэу япшын хуэнущ. Абы фІагъэкІамэ, Іэхуэр Суд приставхэм Іэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэуа пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьи) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитІкІэ яГъэгъуэ е сыхьэт 50-кІэ цІыхур яГъалажьэ.

● Гулъытэ

НыбжьыщІэхэр яущий

2018 гъэм фокІадэм и 2-м илъэс 95-рэ ирикъуащ Урысей МВД-м Плъыр-пост къулыкъур къыззрыззрагъэпэщІэ. Махуэшхуэм и щІыкъкІэ республикэм и хабзэхэмрэ Іэнатіэхэмрэ абыхэм ядэлажьэ Жьылагъуэ советымрэ я лЫкІуэхэм ныбжьыщІэ щыкІуэхэм зэІуэпІэ зыбжанэ драгъэкІуэкІащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м, Налшык къалэм, Шэджэм районым я полицэ къудамэхэм я плъыр-пост къулыкъуэм, балигъ мыхъуахэм я Іэхуэхэмкі къудамэхэм я лэжьакІуэхэм, кинологхэм дерсхэр драгъэкІуэкІащ Шэджэм районым хьыхь Нартан къуажэм дэт школ-интернатым и гъэсэнхэмрэ Налшык къалэм и «Кавказ» санаторэм зыщызыгъэпсэхуэхэмрэ папщІэ.

Сабийхэм я нэкІэ яльэгъуащ къулыкъым ящыщ гъэсэбэп хьэхэр зэрагъэсэр, абыхэм мэкІэ лъагъуэр зэрыхашыр, щІэпхъаджащІэхэр зэраубыдыфыр. Хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ ППС-мрэ я лэжьыгъэм щыгъуазэ хуащІыным пащІэу, ныбжьыщІэхэм лекцэ къахуеджащ, плъыр-пост къулыкъум и автотранспортыр, къагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр ирагъэлъэгъуащ. Балигъхэм ныбжьыщІэхэр яущиищ еджэну, хабзэм пщІэ хуащІыну.

Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм дэлажьэ Жьылагъуэ советым и унафэщІым и къуэдзэ Хьэмырзэ Хьэзрэтэлий сабийхэм ІэфІыкІэ яритащ, икІи школакІуэхэм шынагъуэншэу гъэ еджэгъуэр ирахьэкІыну ехъуэхъуащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Футбол

«Спартак-Налшыкым» япэ топыр къыхудагъэкІ.

Я нэхъыбэр ди цІыхугъэт

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Урожай» (Краснодар) - 1:2 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. ФокІадэм и 2-м. ЦІыхуи 150-рэ ещащ.

Судьяхэр Васильченкэ, Охрименкэ (ТІури Мейкъуапэ щыщщ), Мирошник (Ставрополь).

«**Спартак-Налшык**: Щоджэн, Лелюкаев, Тебэрды (Дэхъу, 67), Белоусов, Хьэгъуэ, Михайлов (Ашу, 68), Іэпщащэ (Салахетдинов, 83), Шаваев, Мэшыкъуэ, Бацэ (Талабкэ, 87), Бажэ (90+4).

«**Урожай**»: Борискэ, Мурачёв, Бендзь, Джумаев, Абазэ, Пономарёв (Шереметов, 82), Нурисов, Къалмыкъ (Гугуев, 85), Сысуев (Азявин, 90+1), Воронкин (Соблир, 71), Стуканов.

Топхэр дагъэкІащ: Бендзь, 34 (0:1). Мэшыкъуэм, 57 (1:1). Нурисовым, 68 (1:2).

Дагъуэ къыхуащІащ: Стукановым, Лелюкаевым, Ашум, Борискэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и къалащхьэм вэсэмахуэ щекІуэкІа зэІуущ эм «Спартак-Налшыкым» тІууэ зигугъашуэу щызэдзэджэгуу фІэкІа пщІэнтэкъым. Краснодар къикІа хьэщІэхэм яхэтт ди лъэхэгъу е ди щыпІэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа щІалэ зыбжанэ. Феплъыт фэри: гъуащхьэхъумэхэу Абазэ Астемырэ Соблир Астемыррэ ди лъэпкъэгъущ, Мурачёв Олег ди гупым зэрыхэтрэ куэд щІакъым; гъуащхьэу Къалмыкъ Амур бахьсэндэсщ, премьер-лигэм хэт Мэхъэчкъалэ и «Анжи»-м бэджэнду къаритащ, Гугуев Магомеди илъэс зыбжанэ ди командэм тригъэкІуэдащ. Абыхэм хъищынэмыщІауэ, «Урожай»-м щоджэгу Жьылэ Исльам. Арати, зыдэщыІуэр ямыщІэу кьэнат «Спартак» стадионым къекІуэлІахэр.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэ джэгуГуупплыр «Спартак-Налшыкымрэ» «Урожай»-мрэ кьанэ щымыІэу зэтехуэу ирагъэжьат икІи турнир таблицэм щызэгъунэгъут. Хэт дэнэ и дежи и увыпІэми езыхэм зэхэгъэкІыжыну иджы Іэмал гъуэзэдж яГъутат.

Джэгум и япэ дакъикъэхэр хэгъэрейхэм нэхъ тегушхуауэ ирагъэкІуэкІащ. Мызэ-мытІэу абыхэм Іэмал гъуэзэджэхэр яІащ бжыгъэр къызэІуахыну. Арщхьэкіэ сыт щыгъуи зы мащІэ дыдэкІэ я насыпыр къикІакъым. Апщондэхуэкіэ Краснодар къикІахэми я гур къызэрыгъуэтыжащ. Уеблэмэ, 25-нэ дакъикъэм абыхэм топ къытхудагъэкІыну яхуэзэфІэкІащ, ауэ абы и пэкІэ футбол хабзэр къызэпаудауэ къыщІэкІри, хабжакъым.

Апхэудэу щыт пэтми, «Урожай»-м бжыгъэр къызэІуихащ. Угловой къыхата иужькІэ краснодардэсхэм я капитан Бендзь Сергей щхьэкІэ топыр къытхудигъэкІащ.

Загъэпсэхуу къихьэжа иужькІэ, «Спартак-Налшыкыр» нэхъ ерыщыжу ебгъэрыкІуэ хъуащ. ЕтІуанэ дивизионым и «Ип-щэ» гупым и гъуащхьауэ нэхъыфІ Мэшыкъуэ Хьэчим мыгувэу и екъуанэ топыр мы зэхьэзэхуэм щыдигъэкІащ икІи бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжащ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, куэд дэмыкІыу хьэщІэхэр аргуэру япэ ищащ. «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэхэр «зэрыкІуэцІрыхуар» къигъэсэбэпри, Нурисовыр и закъуэу Щоджэн Борис къыбгъэдыхьащ. Топыр абы щхьэпридзри, Ильмир «Урожай»-м текІуэныгъэр къыхуихьащ.

Арати, ди щІалэхэр япэу къыщыкагъэщІащ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм. Абы и зэранкІэ ахэр турнир таблицэм и етхуанэ увыпІэм нэс къыщекІуэтэхащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ зи чэзу джэгуГуэм къыркІуа бжыгъэхэм: «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Академия**» (Дон Іус Ростов) - **0:1**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **0:2**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Краснодар-3**» (Краснодар) - **7:0**, **СКА** (Дон Іус Ростов) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **0:0**, «**Чайка**» (Песчанокопское) - «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **4:2**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - **3:0**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгуГуэр «Спартак-Налшыкым» фокІадэм и 9-м ирихьэкІуэкІынущ. А махуэм ди щІалэхэр Астрахань къалэм «Волгарь»-м щыІущІэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІар

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Чайка»	6	5	1	0	16-7	16
2. «Дружба»	6	5	0	1	11-2	15
3. «Урожай»	5	4	1	0	10-4	13
4. «Черноморец»	5	3	1	1	16-4	10
5. «Спартак-Налшык»	5	3	1	1	9-5	10
6. «Биолог-Новокубанск»	6	2	1	3	4-5	7
7. «Волгарь»	4	2	1	1	6-5	7
8. «Мэшыкъуэ-КМВ»	6	2	1	3	5-7	7
9. «Ангушт»	5	1	4	0	3-2	7
10. «Легион Динамо»	6	1	2	3	6-10	5
11. СКА	6	1	2	3	5-9	5
12. «Краснодар-3»	4	1	1	2	4-11	4
13. «Академия»	6	1	1	4	5-14	4
14. «Спартак-Владикавказ»	6	0	2	4	5-12	2
15. «Динамо-Ставрополь»	6	0	1	5	3-13	1

ФокІадэм екІуэкІыну зэІущІэхэр

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп

Ебланэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 9
(гъэмахуэ)
«Мэшыкъуэ-КМВ» - СКА
(Дон Іус Ростов)
«Спартак-Владикавказ» - «Динамо-Ставрополь»
«Легион Динамо» - «Дружба»
«Академия» - «Чайка»
«Краснодар-3» - «Ангушт» (Нэзрэн)
«Урожай» - «Черноморец»
«Волгарь» - «Спартак-Налшык»

Еянэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 15
(щэбэт)
«Биолог-Новокубанск» - «Краснодар-3»
ФокІадэм и 16
(гъэмахуэ)
«Черноморец» - «Волгарь»
«Дружба» - «Академия»
«Динамо-Ставрополь» - «Легион Динамо»
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Спартак-Владикавказ»
«Ангушт» - «Урожай»
СКА - «Спартак-Налшык»

Ебгъуанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 23
(гъэмахуэ)
«Спартак-Владикавказ» - СКА
«Легион Динамо» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Урожай» - «Биолог-Новокубанск»
«Волгарь» - «Ангушт»
«Спартак-Налшык» - «Черноморец»
«Краснодар-3» - «Чайка»
«Академия» - «Динамо-Ставрополь»

Епщ Іанэ джэгуГуэ
Накъыгъэм и 29
(щэбэт)
«Биолог-Новокубанск» - «Волгарь»
ФокІадэм и 30
(гъэмахуэ)
«Чайка» - «Урожай»
«Дружба» - «Краснодар-3»
«Ангушт» - «Спартак-Налшык»
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Академия»
«Спартак-Владикавказ» - «Легион Динамо»
СКА - «Черноморец»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат

ТІощІрэ езанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 1
(щэбэт)
«Малка» (Малкэ) - «Шэрджэс» (Шэджэм)
«Налшык» (Налшык) - «Тэрч» (Тэрч)
«Автозапчасть» (Бахъсэн) - «Нарт» (Нарткъалэ)
«Ислъэмей» (Ислъэмей) - «Бедик» (Арщыдан)
ФокІадэм и 2
(гъэмахуэ)
«Нартан» (Нартан) - «Къундетей» (Шэджэм)
«Псыкуэд» (Псыкуэд) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент)
«Родник» (Псынэдахэ) - «Керт» (Къэхъуэ)
«Союз» (Сэрмакъ) - «Хьэтіохъущыкъуей» (Хьэтіохъущыкъуей)

ТІощІрэ етІуанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 8
(щэбэт)
«Къундетей» - «Автозапчасть»
«Союз» - «Родник»
«Тэрч» - «Малка»
«Керт» - «Налшык»
ФокІадэм и 9
(гъэмахуэ)
«Хьэтіохъущыкъуей» - «Бедик»
«ЛогоВАЗ» - «Нартан»
«Нарт» - «Ислъэмей»
«Шэрджэс» - «Псыкуэд»

ТІощІрэ ещанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 15
(щэбэт)
«Малка» - «Керт»
«Налшык» - «Союз»
«Хьэтіохъущыкъуей» - «Нарт»
«Автозапчасть» - «Нартан»

ФокІадэм и 16
(гъэмахуэ)
«Псыкуэд» - «Тэрч»
«Ислъэмей» - «Къундетей»
«Шэрджэс» - «ЛогоВАЗ»
«Родник» - «Бедик»

ТІощІрэ еплІанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 22
(щэбэт)
«ЛогоВАЗ» - «Автозапчасть»
«Союз» - «Малка»
«Хьэтіохъущыкъуей» - «Къундетей»
«Тэрч» - «Шэрджэс»
ФокІадэм и 23
(гъэмахуэ)
«Нарт» - «Родник»
«Бедик» - «Налшык»
«Нартан» - «Ислъэмей»
«Керт» - «Псыкуэд»

ТІощІрэ етхуанэ джэгуГуэ
ФокІадэм и 29
(щэбэт)
«Тэрч» - «ЛогоВАЗ»
«Малка» - «Бедик»
«Ислъэмей» - «Автозапчасть»
«Налшык» - «Нарт»
ФокІадэм и 30
(гъэмахуэ)
«Родник» - «Къундетей»
«Шэрджэс» - «Керт»
«Псыкуэд» - «Союз»
«Хьэтіохъущыкъуей» - «Нартан»

Зыри къикІуэтыртэкъым

● Фэеплъ зэхьэзэхуэ

КъБР-м щыІэ Урысейм и УФСИН-м и ГУ-м и ветеранхэм ящыщ, ныкъуэдыкъуэхэм я ППС-м и Іуэхущ Іапі эм и лъэпкъ ІэщІагъэ Іхэм къызэрымыкІуэу зэкъуэщхьэпэну абыхэм къыдагъэкІащ адыгэ къафэ лЭуэжьыгъуэхэм я хабзэхэмрэ я мыхьэнэхэмрэ щызэпкърыха тхыльэ, Къэзанокъуэ Жэбагъы и хъыбархэр адыгэбзэрэ урысыбэхкІэ щызэхуэхьса къыдэкІыгъуэ хьэлэмэт, гъэм и зэманхэр къызытещ махуэгъэпс. Зи гугъу сщІа тхыльхэм я купщІэр щІигъэхуабжьэу ит сурэтхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІар Жьылэ Анатолащ.

КъыдэкІуэтей щІэблэм я гугъу щищІкІэ Анатолэ къыхегъэщ абыхэм куэдкІэ зэращыгугъыр. Ар щогугІыкІ щІалэгъуалэм щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ гулъытэ хэха хуащІым и мызакъуэу, езыхэми я унэтІыныгъэхэр зэрырагъэфІэкІуэн Іуэхуэхэр зэралъэкІым.

«Щхьэж и зэфІэкІ и дунейщ», - жиІаэу щытащ Къэзанокъуэ Жэбагъы, Жьылэ Анатолэ и акъылымрэ и зэфІэкІымрэ къагъэщІ дуней тепльыджэр енщащ, ар псэ къабзагъэр гу хубагъкІэ псыхьащ. Арагъэнщ абы и Іэдакъэщ Іэкі Іэм я нэрымылъагъуу къарум и щахури.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ Іэныджэ Замирэ, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыґэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлажьэнымкІэ - 42-60-53; узынщагъэмрэ щІыуэпсыр зыгъэнымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм щылъэгъаззэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня,** *редактору* **ЖылаСэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыґэ псалъэ» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьазыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 2.191 ● Заказ №883